

Prevansyon sou Abi ak Neglijans sou Timoun



Etazini, tout jèn, kèlkeswa estati imigrasyon yo, yo pwoteje anba lalwa. Lwa sa yo gen pou objektif pwoteje timoun kont eksplwatasyon, mal ak danje.

Abi sou timoun se yon aksyon oswa yon mank aksyon pa yon paran oswa yon moun k ap pran swen ki lakòz domaj fizik oswa sikolojik sou yon timoun, ki reprezante yon gwo danje pou li. Gen kat kalite abi:

- **Abi fizik** –tilizasyon vyolans fizik pou disipline yon timoun, souvan sa lakòz blesi fizik
- **Abi vèbal** – menas, jouman, oswa mepri anvè yon timoun
- **Abi emosyonèl** – nye sipò emosyonèl, lanmou, oswa swen pou yon timoun
- **Abi seksyèl** – agresyon, manyen, vyole, oswa eksplwate seksyèlman yon timoun

Neglijans se lè ou pa satisfè bezwen fizik yon timoun (tankou rad, manje, oswa lojman), bezwen emosyonèl, edikatif oswa medikal li.

Si ou se yon paran oswa moun k ap bay yontimoun swenmen kèk konsèy pou anpeche abi sou timoun:

- Aprann sou konpòtman apwopriye pou timoun yo dapre laj yo.
- Bay timoun ki sou kont ou yo abitud ki an sante. Refize timoun yo manje, byen dòmi oswa swen medikal se neglijans.
- Devlope kapasite parantal yo ak ladrès ki apwopriye teknik disiplin yo.
- Pran swen tèt ou: jwenn yon moun pou pale avèk li, pran yon ti repo, oubyen kontakte yon liy sipò parantal.

Gen moun ki, akòz pwofesyon yo, legalman oblije rapòte nenpòt ka sispèk abi sou timoun oubyen neglijans bay otorite konsène yo. Sa yo enkli travayè sosyal, pwofesè, edikatè, konseye ak terapis, ak pwofesyonèl medikal.

Pou timoun ak adolesan yo:

Si w ap sibi abi, move tretman, oswa neglijans, ou ka chèche èd nan lekòl ou, estasyon lapolis, estasyon ponpye, klinik, oubyen lè w kontakte yon granmoun ou ka fèkonfyans.

Ou kapab rele Liy Dirèk Nasyonal pou Abi sou Timoun (1-800-422-4453) pou jwenn èd tou.

Si w enterese a plis enfòmasyon, vizite Sant Resous pou Jèn Refijye nou an: refugeeyouthrc@refugees.org